



SMP Negeri 19 Depok

LKPD

BAHASA SUNDA

Nama : _____

Kelas : _____

TRADISI
LAWUNGAN KAHJI



Tujuan Pembelajaran

1. Memahami isi bacaan dan aspek kebahasaan pada teks wacana tentang tradisi.

- menyelesaikan kalimat berdasarkan isi bacaan tentang tradisi ""perebut seeng".

Pertanyaan Pemantik

Apa saja yang menjadi tradisi pada kehidupan masyarakat Depok?

1. Membaca

A. Membaca Nyaring

Perebut Sééng



Saenyana, éta-éta kénéh, perebut sééng jeung rebut dandang téh, da ukur sawates béda basana. Perebut sééng mah tina basa Sunda, ari rebut dandang tina basa Malayu Batawi. Ieu kesenian téh nyampak dina tradisi urang Dépok. Pangna aya dua sesebutan anu digunakeun téh sabab tradisi anu hirup di lingkungan warga Dépok kapangaruhan ku budaya Sunda jeung budaya Betawi.

Nu disebut perebut sééng téh pintonan kesenian tradisi, biasana dina upacara pernikahan. Dua pendekar ién merebutkeun sééng. Anu hiji, pendékar ti pihak calon pangantén awéwé, anu hiji demi ti pihak calon

Perebut Sééng

pangantén lalaki. Derma ijén saméméh lumangsung walimahan, atawa saméméh pasangan pangantén dirapalan.

Patandang dina perebut sééng téh husus ukur lalaki jeung duanana ogé kudu pendékar atawa jago penca. Tempat anu dipaké perebut sééng téh biasana di buruan. Kudu rada lega, sabab sahenteuna éta dua pendékar téh bakal minta kebun katapis dina ngadu jajatén.

Anu masa sééng téh pendékar ti pihak calon pangantén awéwé. Sééngna digandeng, ditalian ku samping kana awakna. Tah, éta sééng téh bakal direbut ku pendékar ti pihak calon pangantén lalaki. Der wé ijén. Ngadu jajatén, pabisa-bisa ngaragragkeun lawanna, ngagunakeun rupa-rupa jurus. Ari tatabeuhan anu dipaké mirigna nyaéta kendang, goong, jeung tarompét. Lian ti éta, aya debu ih anu ngagunakeun tanjidor, terebang, jeung gambang koromong.

Pendékar anu mintonkeun perebut sééng ngagunakeun pakéan anu ilahar dipaké dina penca. Celana pangsi, baju kamprét, sirahna dibengker ku iket, atawa sok aya deuih anu maké sarung palékat, dibeulitkeun kana cangkéng.

Aslina mah ieu tradisi téh di sabagian wewengkon Bogor anu jadi puseur penca aliran Cimandé.



Perebut Sééng

Kita deui hirupna ieu pintonan téh di lingkungan paguron penca. Lila-lila sumebar sarta dipikaresep ku balaréa. Ayeuna, tradisi perebut sééng téh teu sumebar di wewengkon Dépok wungkul, tapi deuih ka Bekasi anu kapangaruhan ku kabudayaan urang Bogor.

Ieu pintonan seni tradisi téh pikeun némbongkeun simbol atawa perlambang yén calon pangantén lalaki hayang meunangkeun calon pangantén awéwé téh kudu ngaliwatan heula tarékah atawa perjuangan anu henteu bahari. Lian ti éta pikeun némbongkeun yén lalaki teu bisa satwa ayah mun mikahayang awéwé pikeun dijieun paman ikan, sabab aya aturan jeung tata-titina. Ku kituna, pamajikan téh kudu ditempatkeun dina posisi anu dipikahormat. Dina geus ngahijina ngawangun rumah tangga, antara salami jeung pamajikan téh kudu ka cai jadi saleuwi ka darat jadi Salemba, maksudna kudu hirup babarengan jeung sauyunan salinana.

Tangtu éta acara perebut sééng téh ngan saukur pintonan, sarta dina prakna sééng anu dibawa ku pendekar calon pangantén awéwé téh bisa direbut ku pendekar ti pihak calon pangantén lalaki. Jadi cindekna mah pangantén lalaki téh bisa ngawin pasanganna, lantaran dianggap genus nyumponan sarat jeung katangtuan.

Perebut Sééng

Dina kamekaran seterusnya mah ieu tradisi téh ngalaman parobahan, upamana waé anu tarung teu ngan ukur duaan. Cindekna, pendékar ti pihak calon pangantén awéwé henteu sayuran, kita deui ti pihak calon pangantén lalaki. Kaasup dina papakéanana sok aya anu dirobah, ku cara ngagunakeun busana warna-warna diluyukeun jeung suasana hajat atawa kariaan. Tapi jajan genus aya anu dirobah ogé, ari intina mah anggur waé marebutkeun sééng minangka perlambang.



Perbendaharaan Kata

Sééng = dandang
nyampak = ada
pintonan = pertunjukan
ijén = bertarung, duel
dirapalan = akad nikah
puseur = pusat
balaréa = masyarakat
patandang = peserta
buruan = halaman
lega = luas
sahenteuna = setidaknya
katapis = keahlian
cangkéng = pinggang
meunangkeun = mendapatkan
tarékah = usaha
babai = mudah
sagawayah = sembarangan



Menyelesaikan Kalimat

1. Lahirna tradisi parebut sééng téh kapangaruhan ku budaya
2. Tradis parebut sééng biasana dipintonkeun dina acara
3. Anu ijén dina acara parebut sééng nyaéta pendékar
4. Tatabeuhan anu dipaké mirig acara parebut sééng nyaéta
5. Ari papakéan anu dipaké ku pendékarna nyaéta
6. Dina pintonan tradisi parebut sééng mintonkeun simbol
7. Tempat pikeun pintonan parebut sééng kudu rada lega, sabab
8. Parobahan dina tradisi parebut sééng diantaranya
9. Tradisi parebut sééng asalna ti
10. Tradisi parebut sééng nyebar ka tempat séjén sabab

